

Gid Demaraj Rapid

Pou Telechaje epi Konekte nan Aplikasyon Mobil EVV a

Asistan medikal yo bezwen telechaje nouvo vèsyon aplikasyon an. Swiv etap sa yo pou telechaje, enstale epi aktive nouvo vèsyon an.

NÒT: Selon kalite aparèy la, etap yo ka pa parèt nan menm sekans lan.

1 Etap 1 - Telechaje Aplikasyon EVV a

Premye fwa ou ap konekte, PCA yo pral wè ekran sa k ap mande ou pou w telechaje Aplikasyon Mobil EVV a (HHAeXchange+ Aplikasyon Mobil). Tape sou **bouton** ki koresponn ak aparèy w ap sèvi a.

Si ou gen yon aparèy Apple, klike sou:




Si ou gen yon aparèy Android, klike sou:



Pa telechaje aplikasyon an san ou pa wè ekran sa.


Nòt: Si ou pa wè mesaj sa a, oubyen si w ap kòmanse itilize yon nouvo aparèy, ou dwe rele Tempus FI nan nimewo sa a.  1-877-479-7577 pou jwenn èd pou telechaje aplikasyon mobil EVV la.



2 Etap 2 - Enstale Aplikasyon an

Tape **Install** (Enstale) pou telechaje Aplikasyon Mobil EVV a

Aprè telechajman an fin fèt, tape sou **open** (ouvri) pou ouvri Aplikasyon Mobil EVV a.



3

Etap 3 - Chwazi Lang

Yon fwa aplikasyon an mete ajou epi li louvri, y ap mande w pou w chwazi yon lang.

Apiye sou lang ou prefere a, answit tape **Apply** (Aplike).

Nòt: Yo pral mande itilizatè Apple yo pou yo pèmèt notifikasyon yo an premye. Si sa parèt, klike sou **“Allow”** (Otorize).



4

Etap 4 - Konekte avèk imèl ak modpas ou

Sa ap louvri ekran **koneksyon** an.
Antre imèl ou ak modpas ou.
Aprè sa, peze bouton **Log In**
(Konekte) a.

2:33 100

X ✓ exchange.com

HHAexchange

Email

Password

[Forgot password?](#)

Log In

Don't have an account?

[Sign Up Here](#)

[Español](#) | [中文](#) | [A-Z](#) ▼

[Privacy policy](#) | [Terms of use](#) | [System status](#) ✓

Mobile App 25.09.03-250904-UMA_CSAND
Chrome 141.0.0.0 10/01/2025 02:33 PM EDT

5

Etap 5 - Kòd Aktivasyon

Ekran **Kòd Aktivasyon** an ap parèt.

A. Ou ap resevwa yon kòd aktivasyon pa imèl.

B. Antre li nan aplikasyon an.

1:46 5Guc 83

← Onboarding ?


HHAeXchange

Connect Your Account

Enter the Activation code provided by HHAeXchange via email or text message to connect your account. Please contact your Provider or Employer if you do not have an Activation code.

Activation Code

Submit Code



C. Apre sa, peze bouton **Submit Code** (Soumèt kòd) la.

6

Etap 6 - Finalize enskripsyon an

Ekran Complete Registration (Enskripsyon konplè) a ap parèt.

Non ak prenon fanmi an ap ranpli otomatikman.

A. Antre 4 dènye chif **nimewo sekirite sosyal ou a ak dat nesans ou.**

2:46 90

← Complete Registration ?

required.

First Name *

Pietro

Last Name *

Pca

Last 4 Digits of SSN *

Date of Birth *

mm/dd/yyyy

Continue

2:46 90

← Complete Registration ?

Tempus MA

Tempus MA

All fields marked with an asterisk (*) are required.

First Name *

Pietro

Last Name *

Pca

Last 4 Digits of SSN *

Date of Birth *

mm/dd/yyyy

B. Desann pou jwenn bouton **Continue** (Kontinye) a.

C. Peze bouton **Continue** (Kontinye) a.

Sa pral ouvri ekran

Biometric Authentication

(Otantifikasyon Byometrik) la.


ETAP SA OPSYONÈL.

Si ou chwazi pou pa konfigire byometrik yo tape sou **Skip** (Sote).

Si ou chwazi pou konfigire byometrik tape **Enable** **Biometrics ID** (Bouton Aktive Byometrik) epi swiv enstriksyon yo.

Lè ou mete done byometrik yo an plas, ou ka konekte sou aplikasyon an lè w eskane anprent dwèt ou oswa lè w sèvi ak rekonesans vizaj ou.

Nòt: Sa a se sèlman yon opsyon si aparèy ou an sipòte li.



8

Etap 8 - Kreye yon PIN offline

Aprè sa, w ap wè ekran
Offline PIN (PIN Offline) lan.

Kreye yon **kòd PIN 6 chif** ke
OU AP SONJE.

Aprè sa, peze **Save** (Anrejistre).

Nòt: W ap bezwen kòd PIN sa a
pou konekte sou aplikasyon an
lè pa gen koneksyon entènèt.

2:47 90

← Offline PIN ?

Set Your Offline PIN

Enter a Personal Identification Number (PIN) below that can be used to log in when offline. Make sure to choose a PIN that you will remember and protect it like a password.

Offline PIN

○ ○ ○ ○ ○ ○

Save


9

Etap 9 - Otorize Notifikasyon yo

Aprè sa, si w ap itilize yon aparèy Android, fenèt pop-up **Allow HHAEExchange+ to send you notifications** (Pèmèt HHAEExchange+ voye notifikasyon) ba ou a ap parèt.

Tape **Allow** (Otorize).

Nòt: Si w ap itilize yon aparèy **Apple**, fenèt pop-up "Otorize Notifikasyon yo" la pral premye etap nan pwosesis konfigirasyon aplikasyon an. Li ap parèt devan ekran seleksyon lang lan.




10

Etap 10 - Kòmanse Visit

Aprè sa, ekran **Consumers**
(Konsomatè yo) ap parèt.

Tape **Non Konsomatè a**.



Aksyon sa a pral revele enfòmasyon
kontak Konsomatè a ak bouton
Start Visit (Kòmanse Vizit).


Tape bouton **Start Visit**
(Kòmanse Vizit) la.

11

Etap 11 - Pèmèt Sèvis Lokalizasyon yo

Aprè sa fenèt pop up **Pèmèt Sèvis Lokalizasyon** an parèt.

Tape **“While using the app”**
(Pandan w ap itilize aplikasyon an).



12

Etap 12 - Ekran Kat: Kòmanse oswa Anile Vizit la


Sa ap louvri ekran
Kat la.

Kat jeyografik la montre kote w
ye a parapò ak kay konsomatè
w la ki anrejistre.

Pou kòmanse yon tou kounye a,
peze bouton Kontinye a.

Pou anile kòmansman toune a,
tape flèch pou retounen an nan
kwen anwo gòch ekran an.

*Aprè etap sa a ou ap wè ekran
Konsomatè a epi aplikasyon an
ap configuré epi pare pou itilize.*



Nòt:

Kote konsomatè a rete = pwen wouj

Reyon pou "Lakay" = Fè yon sèk otou kay konsomatè a

Kote PCA = Flèch Ble

Deziyasyon kote sèvis la = "Lakay" oswa "Kominote"